



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO KANPAY NAN TOUT ETA A POU ENFÒME NOUYÒKÈ YO SOU SÈVIS ESANSYÈL POU VIKTIM, SIVIVAN AK FANMI YO APRÈ KRIM**

***Efò sansibilizasyon Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la mete aksan sou pakèt sipò ak sèvis ki disponib gratis nan pwogram asistans pou viktim nan tout eta a ak aksè a èd finansye pou depans ki soti nan yon krim***

***Kanpay douz semèn, ki kòmanse jodi a, 7 out, vize tou atenn kominote ki tradisyonèlman defavorize yo ak moun ki afekte akòz ogmantasyon nan krim rayisans yo rapòte: moun Nwa, Azyatik, Jwif ak LGBTQ+***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo kanpay atravè eta a pou enfòmasyon Nouyòkè yo sou sèvis enpòtan ki disponib pou viktim, sivivan ak fanmi yo apre krim. Efò sansibilizasyon an, ke Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) eta a finanse, mete aksan sou pakèt sipò ak sèvis ki disponib gratis nan pwogram asistans pou viktim yo, ak aksè a èd finansye pou depans ki soti nan yon krim. Kanpay 12 semèn nan, ki kòmanse jodi a, 7 out, vize tou atenn kominote ki tradisyonèlman defavorize yo ak moun ki afekte akòz ogmantasyon nan krim yo rapòte yo: Moun Nwa, Azyatik, Jwif ak LGBTQ+ yo.

"Gen yon pakèt resous ki disponib nan ka yon moun k ap viv, travay oswa vizite eta nou an ta vin yon viktim krim, men sèvis sa yo p ap gen enpòtan si moun ak fanmi yo pa konnen yo egziste oswa si yo gen difikilte pou jwenn aksè nan yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou travay pou Nouyòkè yo, epi travay sa a gen ladan l pou nou prezan pou yo nan moman yo plis bezwen sa. Mwen fyè de travay Biwo Sèvis pou Viktim yo fè, epi mwen kontan anpil pou m fè travay sa a pou moun ki bezwen li ka konnen egzaktman kijan pou jwenn li".

"Gen èd ki disponib nan New York epi n ap asire sèvis sipò yo pa sèlman gratis, men tou aksesib byen fasil pou sivivan yon krim", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Nan New York, n ap toujou kanpe ak sivivan yo epi n ap asire yo konnen resous ki disponib pou yo pandan y ap kòmanse pwosesis rekiperasyon an".

Kanpay nan tout eta a ap fèt jiska dimanch 29 oktòb, epi li itilize Facebook, Instagram, YouTube; rechèch Google; difizyon iHeart ak radyo; montre anons nan biznis lokal yo;

ak platfòm ki sèvi kominote Nwa, Jwif, Aziyatik ak LGBTQ+. Avèk tèm "Leve Solèy" (Sunrise), kanpay la konsantre sou espwa ak pwogrè, epi aksè fasil nan sèvis ak sipò ki ka ede moun yo ak pwòch yo apre yon krim.

**Direktris Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la, Elizabeth Cronin, te deklare,** "Eta New York te depi lontan yon lidè nan asire disponiblite sèvis, sipò ak asistans finansye pou viktim ak sivivan yo. Men, touswit apre yon krim, sa ka pa klè epi difisil pou jwenn èd. Nou te vle edike tout Nouyòkè yo anvan yo fè fas ak yon kriz sou asistans ki gen anpil valè ki disponib pou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò ak patenarya kontinyèl li nan travay nou an, ki fè yon diferans nan lavi moun, fanmi yo ak kominote yo".

Biwo Sèvis pou Viktim lan finanse ak sipòte 239 pwogram kominotè nan tout eta a ki bay sèvis esansyèl, tankou konsèy pou kriz, gwoup sipò, jesyon ka, abri ijans, èd legal sivil, ak asistans pou demenajman, pami lòt asistans, pou viktim ak sivivan yo, pwòch yo ak kominote yo. Pwogram sa yo bay sèvis gratis, menm si yon moun te rapòte oswa pa te rapòte krim lan bay lapolis. Defansè ak founisè sèvis yo ede moun yo tou [depoze reklamasyon pou konpansasyon oswa ranbousman](#) pou depans yo te fè akòz krim lan. Plis pase 80 pousan nan reklamasyon yo soumèt atravè pwogram OVS finanse.

Finansman pou kanpay sansibilizasyon an disponib atravè Lwa Federal sou Viktim Krim yo epi li pa gen okenn enpak sou finansman pou pwogram asistans pou viktim oswa konpansasyon ak ranbousman. Ajans lan pral evalye rezilta kanpay sa a epi sèvi ak mezi sa yo pou enfòmè sou inisyativ divilgasyon ak sansibilizasyon alavni yo.

Kanpay la bati sou travay enpòtan Biwo Sèvis pou Viktim yo pou amelyore ak ranfòse aksè a sèvis yo; elaji kalifikasyon pou asistans finansye; epi [devlope kapasite pami founisè sèvis yo atravè fòmasyon pwofesyonèl ak asistans teknik](#). Anplis de sa, ajans lan te fè patenarya ak [Sant Jistis Konsèy Gouvènman Eta a](#) pou fè yon evalyasyon konplè bezwen pou pi byen konprann twou vid ki genyen nan sèvis yo, bezwen akoutèm ak alontèm viktim yo ak sivivan yo, epi pou enfòmè amelyorasyon nan pwogram ki ede ak ranfòse moun, pwòch yo ak kominote yo.

Nan dènye ane yo, OVS te:

- Lanse [OVS Resource Connect](#) (Koneksyon ak Resous OVS yo), yon [platfòm sou entènèt ki pèmèt moun jwenn èd ak resous lè yo itilize lang chak jou pou chèche sipò pou yon preyokipasyon oswa bezwen espesifik, pa mwayen kòd postal](#). Lè sa a, OVS Resource Connect jenere yon lis pwogram ki ka bay sèvis pou satisfè bezwen yo.
- Fèvanse ak sipòte yon varyete lejislasyon, kote lè yo te adopte yo, te elaji aksè ak kalifikasyon pou konpansasyon, [ki gen ladan pèmèt viktim krim rayisans yo, difizyon oswa piblikasyon ilegal yon imaj entim, ak ensousyans premye ak dezyèm degre ki mete andanje pou resewa konpansasyon](#) pou salè yo pèdi, depans netwayaj sèn krim, konsèy ak lòt depans asirans pa kouvri, menm si yo pa blese.

- [Ogmante konpansasyon pou pwopriyete pèsonèl esansyèl yo pèdi oswa ki andomaje](#) soti 500 dola rive 2,500 dola; ogmante prim ijans pou depans fineray jiska 3,000 dola; epi elaji aksè a konpansasyon pou moun ki te viktim krim rayisans men ki pa t sibi okenn blesi fizik.
- Fè patenarya ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl eta a pou entegre [travayè sosyal ki gen lisans ak manadjè dosye yo](#) nan pwogram SNUG Street Outreach nan kominote vyolans ak zam ak lòt krim pi frape yo. Inisyativ la te pèmèt OVS atenn moun ki pa t okouran de - oswa ki te ka ezite - chèche sèvis ak asistans nan tan pase. Patenarya a te kòmanse an 2020, lè travayè sosyal yo ak administratè ka yo te ede yon mwayèn 275 moun pandan chak trimès. Ane pase a, pwofesyonèl sa yo te wè yon mwayèn de 733 moun pa trimès, bay konsèy ak sipò emosyonèl, ede moun jwenn aksè nan lojman an sekirite, epi aplike pou konpansasyon pou depans ki gen rapò ak krim, tankou depans pou fineray.
- Te bay [6.3 milyon dola nan finansman pandan de ane pou pwogram kominotè yo](#) ki travay ak katye vyolans ak zam pi frape yo.

[Biwo Sèvis pou Viktim](#) lan finanse ak sipòte yon rezo pwogram asistans pou viktim nan tout eta a epi li bay [yon rezo sekirite finansye enpòtan](#) pou moun ki gen depans ki gen rapò ak yon krim men ki pa gen lòt resous pou peye yo. Ajans lan bay tou asistans finansye ak ranbousman pou viktim krim ki elijib yo ak fanmi yo pou depans medikal ak konsèy, depans pou fineray ak antèman, pèt salè ak sipò, anplis lòt asistans yo. New York se sèl eta nan peyi a ki pa gen yon limit sou depans pou seyans konsèy ak medikal, sa vle di ke moun yo ka resevwa èd otan ke yo bezwen l. Swiv Biwo Sèvis pou Viktim lan sou [Twitter](#) ak [Facebook](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)